«ДАЛЛА А, ЭЛЧАННА А МУЬТ1АХЬ ХИЛА, (ДЕЛЕРА) КЪИНХЕТАМ ШАЙНА ХИЛИЙТАРХЬАМА».
(Алу Iимран, 132)




Газета награждена орденом «За заслуги перед Уммой» – I степени в 2010 году



Медаль «За заслугу перед Чеченской Республикой» 2009 год.

...я считаю что это газета должна быть
4.05.2004.
А.-Х. Кадыров

# Исламан
# сIаьнарш
أشعّة الإسلام

Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

Дала бакъо толайойла!
Кадыров А.-Х.

Арахеца долийна 1990-чу шеран 6-чу ноябрехь
Выходит с 6-го ноября 1990 года

2016-чу шеран октябрь беттан 13-гIа де
1437-чу шеран Мухьарам беттан 12-гIа де
13 октябрь 2016 год № 19 (372)


**ТIОМ – АКХАРАЛЛА Ю. ТIАМНА ГЕНА ДОВЛАЛАШ, НАГАХЬ САННА МОСТАГI ШУЬГАРА ДИН, СИЙ, ДIАДАКХХА ВЕАНА ВАЦАХЬ. ШУН НИЦКЪ – ИЗА ХЬЕКЪАЛ, СОБАР, НИЙСО Ю ШУНА.**
(Кунта-Хьаьжин хьехам)

## АЛЛАХIАН НОВКЪАХЬ

### IАЬРБИЙН ХЬЕКЪАЛЕРА

Абу-ТIалибан кIант Iела:
Цхьа хан йогIур ю
кIеззигчух тоам ца беш,
Мел дукха хIума хиларх, ца бузуш.
Церан лаам – церан гайш хир ю.
Церан дин – ахча хир ду.
Церан къилба – шайн зударий хир ду.

***Iаьрбийн маттера гочдинарг – Тимералиев Ахьмад***

### ДИКА ЧАККХЕ

Имам Абу ЗурIахI цIе йолуш хьадисан Iилманехь гIараваьлла вевзаш волу цхьа воккха Iеламстаг хилла бусалба умматехь. Цуьнан дуьненара аравалар муха хилла дуьйцу вайна Имам Нававийс, шен иснадаца.

«Хьафиз Абул-Бакъоа элира соьга: «Суна дийцира Хьафиз Абу Мухьаммада, олуш: «Суна дийцира Абу ТIохIир Ас-Силафийс, олуш: «Суна дийцира Абу Iалий Ал-Бурданис, цо элира: «Суна хезира ХIаннад ибн ИбрахIим Ан-Насафис олуш: «Суна хезира Абу Исхьакъ ИброхIим ибн Мухьаммад ибн Ахьмад Ал-КъаттIона олуш: «Суна хезира Абу IабдуллахI Iумар ибн Ахьмад ибн Исхьакъ Ал-IаттIора олуш:«Суна хезира Абу IабдуллахI Мухьаммад ибн Муслим ибн ВарахI Ар-Розийс олуш: «Абу ЗурIахI Ар-Розий вала герга вахана меттахь а волуш, иза волчахь вара со а, Абу Хьатим Мухьаммад ибн Идрис Ар-Розий а. Ас элира Абу Хьатиме: «Схьаволахь, цуьнга шахIадат даладайта хьожур вара вайшиъ».

Абу Хьатима элира: «Абу ЗурIатах эхь хета суна, цуьнга шахIадат даладе ала, делахь а валохьа хьадис дуьйцур ду вайшимма, тIаккха иза хезча, дагадан а мега цунна шахIадат».

ТIаккха со дIаволавелира, олуш: «Суна дийцина Мухьаммад ибн Башшара, олуш: «Суна дийцина Абу Iасим Ан-Набийла, олуш: «Суна дийцина Iабдул-Хьамид ибн ДжаIфара...» – эццахь тасавелира со хьадиса тIехь, кхидIа дийца ца луш, суна иза цкъа а хаза а ца хезча санна я ас иза цкъа а деша а ца дешча санна.

Абу Хьатим дIаволавелира тIаккха, олуш: «Суна дийцина Мухьаммад ибн Башшара, олуш: «Суна дийцина Абу Iасим Ан-Набийла, Iабдул-Хьамид ибн ДжаIфарера схьа...» – тIаккха тасавелира иза а, шена иза цкъа а хаза ца хезча санна, деша а ца дешча санна.

ТIаккха Абу ЗурIахI дIаволавелира, олуш: «Суна дийцина Мухьаммад ибн Башшара, олуш: «Суна дийцина Абу Iасим Ан-Набийла, олуш: «Суна дийцина Iабдул-Хьамид ибн ДжаIфара, Солихь ибн Аби Iарибера схьа, Касир ибн Мурратера схьа, МуIаз ибн Джабалера схьа – Лекхаволу АллахI реза хуьлда цунна – Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира аьлла:

«Шен тIаьххьара дешнаш иштта хилларг: «Ла илахIа иллаллахI»...» – эццахь саделира цуьнан, «хI» элп аьлла иза валарца, «ялсамане гIур ву» аьлла долу дешнаш чекхдахале хьалха. Иза дара ши бIе кхузткъе шолгIачу шарахь».

***Адаман Султанан Олхазар***

## ЗАСЕДАНИЕ ИСЛАМСКОГО СОВЕТА




В Стамбуле с 10 по 14 октября проходит IX Евразийский Исламский Совет «Угрожающие человечеству нерелигиозные течения и источники их распространения», на которое собрались видные религиозные и общественные деятели, представители научных кругов России, Закавказья, стран Прибалтики, Восточной и Западной Европы. В рамках заседания IX Евразийского Исламского Совета выступит председатель ДУМ ЧР Салах Межиев.

Мероприятие проводится по инициативе Управления по делам религии Турецкой Республики под патронатом Президента Турции Реджеба Тайипа Эрдогана.

Впервые ЕИС был организован в 1995 году в Анкаре.

***Пресс-служба ДУМ ЧР***

## «В ПОКОЕ СЕРДЦА ТВОЕГО»

### *«Любовь – души путеводитель»*

Чем больше света, тем меньше тьмы, так и со злом: чем больше любви, тем меньше зла. При этом надлежит взрастить любовь в своем сердце, а не пытаться взывать к ней в чужом. Каждому начинать следует с себя.

Для начала нужно перестать бороться с собой, с соседом, с близкими, с властью, с судьбой, с обстоятельствами, перестать бороться и принять все как есть. Все беды и несчастья человек получает заслуженно. Тот, кто это понимает, терпелив и стоек. Он мужественно переживает их, никого не виня, тем самым, меняется внутренне. При этом меняется его умонастроение.

«Терпение того человека имеет силу, кто принимает свою участь. Тогда терпение его – для Истины, а не для защиты плоти от Ада и праведность его – для Истины, а не для того, чтобы попасть в Рай, и это знак чистосердечия».

***Ал – Хасан ал – Басри***

Почему Всевышний советует прощать? В обиде, в гневе человек не обладает разумением. Разумение обретается в равновесии, тогда есть возможность подняться над ситуацией и объективно ее оценить. В гневе человек ослеплен, поглощен ситуацией, он полностью в ее власти. Затронуто его эго, и ум спешно ищет возможность одержать верх над противником. Глаза, уши, сердце – все запечатано.

Именно такие моменты непроходимой глухоты и слепоты уводят человека с Пути. Будь у человека немного разумения, он бы знал, что интерпретация любого события всегда зависит от него самого. В ответ на оскорбление, большинство людей отвечает тем же, и лишь очень немногие способны понять, имело ли сказанное непосредственно к ним отношение. Если задело за живое, значит, в этом что-то есть, и нужно искать причину в себе. Если никаким образом не касается, значит, это пустая ложь, и беспокоиться не о чем, можно просто рассмеяться, улыбнуться и пройти мимо. И совсем уж редкий человек, можно сказать, «бриллиант» среди людей, человек, находящийся в равновесии своего сердца, способен почувствовать сострадание к своему обидчику: «У него, должно быть, большие неприятности, в противном случае, зачем он так делает? Бедный человек!»

*(Начало. Продолжение на 3-й стр.)*



**АБУБАКАР-ХЬАЬЖИН ЗЕРАТ** – Грозненски кIоштан БердакIел юьртахь ду.

Абубакар-Хьаьжа дIакхелхина рогIера ХаьжцIа воьдучу хенахь.

Халкъо дуьйцуш ма-хиллара, цуьнан каш Маккахь ду.

Накъшбандин тIарикъатан зIе хилла Абубакар-Хьаьжас схьайохьург.


## ТАХАНА ЛОЬМАРЕХЬ

**2-гIа агIо**

**Iовда а, МилтIиг а**

«Кхеташ ма-хиллара, беха бара некъ – цкъа гIаш бора, тIаккха хIордан кеманахь бора, кхидIа гIаш... Доцца аьлча, хIинца, хIокху заманахь дерг дацара, къинхьегам алсам бара. ХIордан кеманахь доьлхуш, Iовдина сиркхо хилира. Накъостий шайн ма-хуьллу гонаха хьийзара, Iовдина дарбанаш лело гIерташ...»

**3-гIа агIо**

**Шесть достоинств утреннего намаза**

«Утреннее время – это особенное время, когда лицемер отличается от верующего, когда проявляется истинность веры, любящий своего Господа, оставляя свои желания, встает, чтобы предстать перед Аллахом Всевышним...»

**4-гIа агIо**

**Догдика адам**

«Мел яккхийчу халонех чекхвала хала дац, нагахь хьоьца цхьаьна гIиллакхе, къинхетаме, тешаме адамаш нисделча. Иштачара ша-тайпа ницкъ ло хьуна, ша-тайпа хуьлуьйту дуьнене хьежамаш, иштта цара дIалоцу ша-тайпа меттиг а хьан дахарехь...»


Лараме газетдешархой! ХIокху газет тIехь язйина АллахIан еза цIерш а, Къуръанан аяташ а ду. Газетан редакцино дехар до хIара газет лардеш лелор, миччанхьа а охьацакхиссар

# НАХА ХОЬТТУ – ШАЙХ ХОЖ-АХЬМАД-ХЬАЬЖАС ЖОЬПАШ ЛО

**Вайна юкъахь гIарадаьлла лелаш ду къайлах мах баран гIуллакх. Цхьа молла а лоций, шиъ теш а лоций, мах бо. Цул сов зудчун дена ца хууш мах бан мегар ду бохуш меттигаш а ю. Харцахьара ца лелчахьана мегар ду бохуш, цхьа хIуманаш ду даьржина. Оцу хьокъехь хIун эр дара ахь?**

Хьанал некъ лоьхуш хоьттуш болчарна Дала биллина кхин тIех хьанал хир боцуш хьанал некъ бу. Йисина Iаш йолчу зудчун, майра велла и йисинехь, биъ бутт, итт дей даьлча маре яха бакъо ю. Нагахь санна доьзалхочух и елахь, доьзалхо охьавиллинчул тIаьхьа цуьнан Iидда (маре яха ца мега хан) дIадолу, цуьнан маре яха бакъо ю тIаккха. ХIокху тIаьххьарчу хенахь къаьсттина зударий белла божарий дукха бу бисина. Зуда хьашт хилла араваьллачунна, со а, со санна верг а захало дийца вахча, йоIстаг цIера йолуш дуьйцуш долчу захалонал хала хилла тхуна бисина Iаш болу зударий иштта зударий боцуш болчу нахана бигар.

ХIунда? ХIинца пенсеш ду дукха нахана дехкина, болх боцуш хиларна (безработни) а, кхидолу а пособеш ду луш. Ишттачу зударшна баха аьтто болуш ду тахана, амма церан дегIан лаам, церан дегIан хьашташ, церан лехамаш болуш ма бу, и къайлах ма дац. ТIаккха цхьацца некъаш хIиттош, кхечу мазхIабан асре девллера тхо бохуш вели (верас) воцуш мах бойтуш, хIуманаш лелор бакъо йоцуш ду. Шен хьаштана, шен гIуллакхана вахаза ца ваьлла ваханчу меттехь и вели (верас) тIе ца кхачалуш меттиг хилча, и бахьанехь цаьргара зене некъ ца божийта, уьш Iалашбайтаран дуьхьа, къедас схьаоьцуш ю церан бакъо (верасаллин бакъо). Къедина тIехIоьттина хилар массарна а тIехь ду, цундела цо еш ю и бакъо. Дела Iехалур волуш вац, бакъо йоцуш ду верас воцуш маре дар.

Йисина Iаш йолчу зудчун шен дегIа лехам леха бакъо ю, цундела и зуда маре яха езакх, хаза шен верасаца мах а бина, шариIатан бакъонашца, кхидерш цхьа а бакъо йоцуш гIуллакхаш ду, Делан оьгIазло хир йолуш, халкъалахь сий довр долуш. Хьулдина лело дезаш долу хIума дерриге а хьарам ду.

**Цигаьрка озар Къуръана чохь хьахийна дац, амма хIетте а цхьаболчара и оза мегар дац олу, кхечара Къуръана чохь и хьахийна цахиларна и хьарам яц, олу. Цунах дерг алахьа.**

Майра бу томка озар, насвай тасар Къуръана чохь хьахийна дац бохуш шайна некъаш хIиттош и лелош болу нах. Уьш лелорца нах эвхьаза бохуш болу «хьехамчаш» Далла гергахь «тIех майра» бу. Дала лардойла вай церан некъах. Ду дера-кх, Къуръана чохь хьахийна-м. Муха дац иза? Хьайн дегIана зен деш долчу хIуманах ларлолахь, аьлла Дала Къуръана чохь. Хьайн дегIан могашалла галйоккхуш долчух ларлолахь, - аьлла Дала. Хьовсал, и хаттарш деш болу нах советан заманахь кхиъннарш бу, хIинца йолу Россин заманахь кхиъннарш бу, берриге а йоза хууш а, Iилма долуш а нах бу. Дуьненан Iилманаш оьшуш ду, Дала кхин а совбохийла уьш, Дала кхиар лойла царна, оцу дуьненан Iилманехь санна динан Iилманехь нисбалар лойла царна. Хьовсал, миччанхьара а медицински литература схьа а эцна уьш хьевсича, адамийн догIмашкахь Дала гучуйохуш йолу цамгарш дукхахъерш оцу томкица ю, насвайца ерш ю: доьлийн цамгар, цергийн цамгар, иштта дIа кхин а. Хьан дегI эшош йолу цамгарш, «рак» цамгарна тIекхаччалц, хьуна цамгар еш дерг томка ма ду, хьанал муха хир дара иза, Дала хьан дегIана зен деш долчу хIуманах ларло аьлча тоьар дацара и, хIора хIуманан шен-шен цIе цаяккхарх, хьекъал долуш волу стаг тIекхиа мегар дара, самавала мегар дара оцу новкъахь. Делахь а иза иштта хьахийна дела ала лаьа суна, Абу ХIурайра бохуш Элчанан (IалайхIи-ссолату ва-ссалам) асхьабех цхьа стаг хилла, Элча шен доттагI ву аьлла цо, шен доттагIчо элира олуш меттиг йина цо. Шен доттагIчо Элчано (IалайхIи-ссолату ва-ссалам) элира аьлла ду хьадис: «Я Абу ХIурайра, цхьа къам догIур ду хьуна замана эхарехь, томка узуш хир бу хьуна уьш, шаьш бохуш хир бу хьуна уьш «Мухьаммадан умматах ду тхо» бохуш. Я Абу ХIурайра, уьш бац хьуна шен умматах». Юха а ду оцу меттехь яздина: «Томка хьанал ду бохуш дуьйцуш верг гIиллакх доцу жIаьла ду» аьлла. Дела резахиларш, хIунда доккху аша адам оццул эвхьаза, адаман догIмашна зен деш долчу хIуманца. Томка узуш волу стаг адаман дикане-воне нисвеллачу меттехь цу чохь мел волчу стеган са даIа меттиг гатйо цо, цунах йогIу боьха хьожа, цунна шена а ца хаьа шех мел чIогIа йогIу и хьожа.

Хьажал, кхин хIумма а ца хилча, доьзалхочух йолчу зудчун чохь, и томка узуш волчу стеган кIуьран хьожано, кийрахь волу доьзалхо сакхте во. Оццул зене долу иза маго хIунда гIерта? Дала лардойла вай оцу хIуманца эвхьаза дийларх.

*Эвлаяэх дийцарш*

# IОВДА А, МИЛТIИГ А

…ТкъеснагIа бIешо чекхдала ткъе пхиъ шо дисинера. Вайн махкара бусалба нехан кхин цхьа тоба а вовшахкхетта, новкъаелира Макка-Мединате кхача, Делан пхеа парзах цхьа парз кхочушдан а, вайн Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ровзате хIитта а.

ХьаьжцIа боьлхучаьрца вара Эвтарара Бамат-Гири а, хIинца «гIовс Iовда» аьлла цIе йоккхуш, вайн махкахь дика вевзаш волу Эвтарара Бамат-Гири-Хьаьжа. ХIетахь Кунта-Хьаьжин (Киши-Хьаьжин) тоьллачу мурдех цхьаъ вара иза. Кошпаллех долу хIуманаш шегара гучудуьйлуш а вара.

Кхеташ ма-хиллара, беха бара некъ – цкъа гIаш бора, тIаккха хIордан кеманахь бора, кхидIа гIаш… Доцца аьлча, хIинца, хIокху заманахь дерг дацара, къинхьегам алсам бара. ХIордан кеманахь доьлхуш, Iовдина сиркхо хилира. Накъостий шайн ма-хуьллу гонаха хьийзара, Iовдина дарбанаш лело гIерташ. ШолгIачу гIат (ярус) тIехь дIанисбеллачаьрца Эрсинара МилтIиг хиллера, кхаьрца цхьаьна хьаьждан вогIуш. Кхиболчу накъосташна (махкахошна) хIун оьшу а хьожуш, охьавоьссинчу цунна Бамат-Гирина гонаха хьийзаш накъостий карийра. ТIаккха цо Iовдига дийхира:

– Лакхахь самукъане а хир дара хьуна, цул сов, вайшиъ ши лулахо а ву вайн махкахь, соьца каюти чу хьалавалахьара хьо, – аьлла.

Iовда резахилира.

Iовдин хьашташка МилтIиг хьаьжна а ваьлла, хIара шиъ паргIат ваьлча, корах ара бIаьрго схьа ма-лоццу чаккхе йоцуш схьагучу хIордах бIаьрг бетташ, хьоьжуш Iаш волчу Iовдас, МилтIиг, некъан бахалла цхьажимма сакъоьруш гIо вайша, аьлла хIорда чу, багахь цIубдина, даьккхина туй тесира.

Туй, шайнан барамехь, ала мегар долуш, хIорда тIехь сецира, хIордан кеманца цхьаьна дIа а догIура. Туйна гонаха, баккъаш гуш долуш, чIерий гучудевлира. Цунна хаддаза гонаш а дохуш, хIордан кеманца дIаоьхуш беха некъ бинчул тIаьхьа, туй дIаделира, чIерий а гучура дIадевлира.

Оцу балхах цецваьлла ша воллушехь, и хIун ду аьлла МилтIига а ца хаьттира, я Iовдас кхин хIума а ца элира.

Цхьа хан яьлча, Iовдас юха а элира:

– МилтIиг, некъан бахалла цхьажимма сакъоьруш гIо вайша, – аьлла.

Iовдас хьалха а санна, багахь цIубдина даьккхина туй тесира хIорда чу. ХIинца туйнна гонаха а хIиттина, чIерий ирхкхийссалора. И сурт генна дIадеара кеманца. МилтIига ойла йора: «Билггал бакъдолуш, Дала цхьа дика дина стаг ма ву хIара, хIинца-м хоттур ду ас, хIун болх бу и аьлла», – бохуш.

Эххар туй къайладелира, чIерий а дIадахара.

МилтIиге лачкъа ца делира шен инзарвалар, Iовдига шена и дийцар а дийхира цо.

Iовдас дийцинера:

– МилтIиг, вайшинна хьалха гина чIерий оцу туйна гонаха идар – иза шен Устазо Кишин Хьаьжас бина къадарин тIарикъатехь зуькаран некъ бу хьуна, ткъа хIинца вайна гиначу чIераша ирх кхийсалуш динарг, и вайн хинболу шовкъан зуькаран некъ бу хьуна.

КхидIа а Iовдас дийцира, Iелий, Iумаррий цIе йолуш ши доьзалхо хир ву шен, Iела, орцанна сиха хир ву, Хизар, Илес санна, бохуш. «Тахана хьайна дайнарг ас дийца пурба ца дели хьуна цхьаьнгга а, хьайн юккъерчу кIантана бен», – дийцира Iовдас. (МилтIиган хIетахь кхо кIант хиллера).

– Вай хIинца дIакхочун долчу Джидда олучу шахьарахь, хIинца йогIучу къепалан хьаьж къобалхилла аьлла, Маккарчу делил наха кхаъ баккха ваийтина Iаьрби хир ву, – элира Iовдас. – Iаьрби аьрру бIаьрг баьлла хир ву, и тIехь волу эмкал а аьрру бIаьрг боцуш хир ю…

Iовдас ма-аллара, Джиддехь дуьхьалвеана Iаьрби аьрру бIаьрг боцуш хиллера, иштта цуьнан эмкал а хиллера аьрру бIаьрг баьлла.

Хьаьж къобалхилла, аьлла кхаъ баьккхинчу Iаьрбичунна нохчаша сихбелла совгIаташ дора. ТIех хазахетарна, Iовдас хьалхxе аьлларг дицделлера царна. Iовдас шена уллорчу МилтIиге забарца элира:

– Кешага гIуо хьо гIуллакх, кхаъ баьккхинарг мила ву, ткъа совгIат хьанна ло?».

Макка дIакхаьчча, хIетахь тоба хьоьхуш, вайн махкахь а шен мурдаш болуш волчу шайх Казим Мусана (Мус-Шайх) го бина, цуьнга цхьацца хеттарш деш лаьттачу вайнахе Iовдас элира:

– Шаьш хоттуш волчо сихха хатталаш, хIинцца вайна юкъара дIавала сихлур ву иза.

Дукха хан ялале, Iовдас ма-аллара, хеттарш а, жоьпаш а дитина, дIаваха сихвелира шайх. Нах цецбевллера, шайн хеттаршца тIаьхьа боьлхура, ткъа шайх дIаоьхура, эххар а чехка ведда адамех дIакъаьстира.

– Собар! Собар! – элира МилтIига, – вайга хьалхxе кхаъ баккха Iаьрби вогIур ву аьллачуьнга хатта вай, хIара шайх водур ву аьллачуьнга хатта вай, хIара хIун ду, алий.

Iовдас аьллера: «Дала вайна (Iовдас цкъа а ца олура ас, со, суна…) дуьненчохь яккха еллачу хенахь лан безаш беллачу балех итт дакъа дича, цхьа дакъа кховдийра вай оцу шайхе, иза зеран Iалашо йолуш, иза хIун стаг ву хьажа. И бала лан а ца белла, ведира иза. Цунна тIаьхьа ида оьшуш дац, хIинцца ша схьавогIур ву».

Вайн хьаьжой ДегIастана цIа бирзира, зама дIайоьдура, олуш ма-хиллара «шен берг етташ». Iовдин ши кIант кхиира, цо аьлла ма-хиллара, Iелий, Iумарий.

МаслаIатан да, дикачу хIуманан охIла, вайн халкъ ийманехь нисдар, вочу хIуманах лардар Iалашо йолуш араваьлла Делан Вели хиларе терра, вайн махкахь дика вевзаш вара Iела (Дала даржехь сов воккхийла иза). МилтIиган кхаа кIантах кегий болуш дIакхелхира воккхахверг а, жимахверг а. Дуьненчохь ваха а, Iовдас дийца аьлларг шега дийцийта а, юха и дерриге а вайна довзийта а, Делан лаамца, юккъераниг висира – Сайдул-Iела.

Iелел жимма воккха хир волчу Сайдул-Iелина цхьа бахьана хIоьттина, луралла тIедеара. Шен доьзалца сиржаэвлахоша тIе а ийцира иза. Дукха нах тIетийсарх, луралла дIадерза ца туьгура, доьзал даима кхерамехь бехаш бара, амма дуьне ца лехча а ца бовлура. Сайдул-Iелин ши кIант ворда а йоьжна, хьуьнах дечиг даккха воьдуш тIенисбеллера мостагIий. Царех ведда, тIаьхьа еттачу тоьпех вала меттиг лоьхуш, Сиржа-Эвла йисттехь пенаш хьала а доьттина, тIе тхов тилланза долчу нехан цIеношна чу иккхинера и шиъ. Зуламах кIелхьара ваккхаран Iалашо йолуш, воккха стаг, берийн да Сайдул-Iела, сихха оцу юьртарчу МасIудагIаьрга схьавалийра. Тоьпаш еттачуьра дIасевцира. Дов муха дирзина ца хаьара дена а, и ларвеш Iачу хIусамдайшна а, цу чохь болчу юьртахошна а. ХIара дийцар вайга схьакхачийна волу сиржаэвлахо Халилов Мурдаш а хиллера цу чохь. Дукха хан ялале юьртара стаг кхечира МасIудагIаьрга.

– Оцу девнна тIе Iовдин Iела кхечи, тIом саца а байтина, хьан ши кIант цигара схьа а ваьккхина, Гермачигарчу IумаргIаьрга дIавигийтина цо, – элира веанчо.

Сайдул-Iела дегIах хьацар тоьхна, кхетамах воьхна, вуьйжира. МасIуд а, цуьнан накъостий а тIе хиш хьоькхуш, цхьацца дарбанаш лелош меттавало гIертара воккха стаг. Ши бIаьрг схьа а биллина, метта а веана, хьалагIаьттина паргIатваллачу Сайдул-Iелас элира:

– Шуна моьтту хир ду со тIехIоьттинчу киртиго вохийна, доьналлера ваьлла, холчахIоьттина, воьжнера. ХIинцачул шовзткъе итт шо хьалха хууш хиллера Iовдина хIара де суна тIехIуттур дуйла, Iела суна орцах вогIур вуйла, аьлла, юьххьера дуьйна ма-дарра дийцира Сайдул-Iелас чохь болчарна Iовдин а, шен ден МилтIиг-Хьаьжин а тасаделлачу гергарлонах, ХьаьжцIа боьлхуш Iовдера гучудийлинчу караматех, тахана иза дерриге а шена дуьхьалдаларх…

***Заурбеков МасIуд,***
***Сиржа-Эвлара Халилов Мурдаша дуьйцуш дIаяздина I990-чу шарахь.***
***Видеозапись йолуш ю авторан архивехь.***

# шесть достоинств утреннего намаза

**Некоторые из нас испытывают трудности при подъеме на утренний намаз, забывая о том, какие блага и награды он в себе таит. В этой статье представлены несколько достоинств этой благословенной молитвы.**

В Коране Аллах говорит: «Клянусь временем утреннего намаза» (89:1).

Утреннее время – это особенное время, когда лицемер отличается от верующего, когда проявляется истинность веры, любящий своего Господа, оставляя свои желания, встает, чтобы предстать перед Аллахом Всевышним. Это время, когда сердце особенно смиренно перед Создателем.

1) Два сунна ракаата утреннего намаза лучше, чем весь мир.

Посланник Аллаха (мир ему) сказал: «Два ракаата, совершенные перед утренним намазом, лучше, чем весь этот мир и всё, что в нем есть».

Пророк Мухаммад (мир ему) из всех сунна-намазов выделял именно утренний, и сам никогда не пропускал утренний сунна-намаз, если не во время путешествий.

2) Защита Аллаха.

В хадисе сказано: «Совершивший утренний намаз находится под защитой Аллаха».

Того, кто прочитает утренний фарз-намаз, Аллах будет оберегать и защищать от любого вида вреда на протяжении всего дня до наступления следующего утра.

3) Прочитавший утренний намаз подобен тому, кто читал намаз всю ночь.

Пророк Мухаммад (мир ему) сказал: «Совершивший утренний намаз коллективно подобен оживившему всю ночь!»

4) Обретение Рая.

В хадисе сказано: «Не войдет в ад ни один совершивший намаз до восхода солнца и до его заката».

5) Чтение Корана утром.

Аллах сказал в Коране: «Совершай намаз с полудня до наступления ночного мрака и читай Коран (в молитве) на рассвете. Воистину, на рассвете Коран читают при свидетелях (ангелах)» (17:78).

В хадисах сказано: «Если человек завершает чтение Корана вечером, ангелы просят о прощении для него до утра; а если он завершает чтение Корана утром, то ангелы просят о прощении для него до вечера».

6) Поминание Аллаха после утреннего намаза дает награду подобную за совершение хаджа и умры.

«Для того, кто совершил утреннюю молитву в джамаате, после чего продолжал сидеть на том же месте и поминая Аллаха до тех пор, пока не взойдет солнце, а затем совершит два раката молитвы (духьа), это станет для него наградой, как за совершение полноценного, полноценного, полноценного хаджа и умры».

Утренний намаз и время рассвета предоставляет верующему множество благ и наград, Само время намаза, время до него и после обладает добродетелью. К тому же: «Ангелы, уполномоченные над вашими деяниями, поочередно сменяют друг друга, одни следят ночью, а другие днем. Они встречаются во время утреннего намаза и во время послеобеденной молитвы, затем поднимаются, те которые следили ночью. Аллах спрашивает их: «Что делали мои рабы, когда вы их покидали?». И ангелы отвечают: «Мы их оставили совершающими намаз, и когда мы пришли, то также обнаружили их молящимися!».

***Сайда Хайат***

# ЮУРГ-МЕРГ ЮККЪЕРЧУ БАРАМЕХЬ ЛЕЛОР

*Бусалба хIусаман гIиллакхаш*

Адаман кхолларца догIуш долуш, цуьнан кхолларехь цунна пайде а долуш хIуманаш ду бусалба дино дика лерина, адаман дахар дика хилийтархьама, адам шен дахарехь зенех лардалийтархьама. Бусалба дино иштта дика лерина долу хIума дIатесча, иза ца лелийча, адамна кхолларна зене доьрзу и хIума Iаддитар. Иштта долчу хIуманех ду, масала, цергаш йилар, бага цIанъяр, хуьлийла иза сивакаца, я кхечу агIор. Иза бусалба динехь чIогIа дика лоруш хIума ду. Ткъа сивак хьакхар Iаддитича, цергаш йилар Iаддитича, цуьнан жамI – цергаш талхар ду.

Иштта оцу кепара долчу хIуманех ду юург-мерг юккъерчу барамехь лелор, дукха тIех сов ца доккхуш, я дукха эшаме а ца хуьлуьйтуш. Юург-мерг оцу кепара юккъерчу барамехь ца лелийча, догIмашна зен хуьлу, догIмаш тишло.

Ткъа бусалба стеган юучуьнца молучуьнца йолу юкъаметтиг хIокху бакъонаша лелош ю:

1. Исраф ца дар, хIума оьшучул сов ца лелор, эрна ца йайъар. Лекхаволчу АллахIа аьлла Къурана тIехь: [Яа а яа, мала а мала, исраф а ма де]. (Сурат «ал-АIраф», 31 аят).

2. Шена зене йолу хIума ца яар, ца малар. Къаьсттина чIогIа ларвала веза Дала хьарам йинчу хIуманах. Ткъа, Дала цхьа а хIума хьарам йина яц, иза адамана зене йолуш бен.

3. Юург юккъерчу барамехь яар, мерг а юккъерчу барамехь малар. Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) аьлла: «Адамо цхьа а пхьегIа юьзна яц шен гайнал вон йолуш. Тоьар ду адамана кIеззиг долу цастарш, шен букъ-даьIахк хьаланисйъяллал долу. Ткъа нагахь санна сино цунна тIехь толам боккхуш хилахь – кхоалгIа дáкъа юучунна хуьлийтийла цо, важа кхоалгIа дáкъа молучунна хуьлийтийла цо, диссина долу кхоалгIа дáкъа садаIарна а дуьтийла цо». (Ахьмад, Тирмизи, Ибн МаджахI).

4. Шена тIехь варстар гучу ца далийта хьажар. Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) аьлла: «Шух уггаре а диканаш сан заманахь баьхнарш (асхьабаш) бу, тIаккха царал тIаьхьа (уьш гина) берш бу, тIаккха царал тIаьхьа (уьш гина) берш бу. ТIаккха царал тIаьхьа цхьа нах хир бу, ямартлонаш еш, тешаме боцуш, тоьшаллаш деш, шайгара тоьшалла лохуш боцуш, чIагIонаш еш, амма уьш ларъеш боцуш, варстар а гучудер (даьржар) ду царна юкъахь». (Бухари, Тирмизи, Ахьмад). ХIокху хьадисан маьIна деш Iеламнаха аьлла: Дала шá кхуллучу хенахь дуьйна верстина кхоьллинарг вон ву бохург дац иза; шá дукха верстина хилийта бахьанаш лелор ду иза, юург-мерг дукха езар ду иза, дукха яар ду иза, эхарт диц-дина дуьненанна дукха чIогIа тIеверзар ду иза.

Ткъа, адамашна юкъахь варстар бахьана долуш гучуюьйлуш йолу цамгарш а, телхаш йолу могшаллаш а тахана массарна дуьйцуш хезаш ду. Iедалш а тIехь цу балхана дуьхьало ян дуьйладелла ду, сихха кечдеш долчу даарех хуьлуш долу варстар а, цунах хуьлуш долу вонаш а дукха даккхий хила дуьйладелла дела.

Цундела, бусалба стаг а, зуда а и хIуманаш лардан гIерташ хила деза, шá шена тIехь а, шен хIусамехь а. Цундела, шá шен хIусаме йохьуш йолу юург хIун ю а, мерг хIун ю а хьажа веза; юуш йолу хIума а, молуш йолу хIума а диканиг хила еза, пайде ерг хила еза, цIена ерг хила еза; яахIума яаран шен низам хила деза; юучун шен барам хила беза, дегIана оьшучул совнаха юур йоцуш, ткъа, адамана цхьана дийнахь оьшуш болу юккъера барам тахана лоьраша билгалбина бу. «БукъадаьIахк хьаланисъян» оьшуш болчу барам юкъайогIу дегIана цхьана дийнахь оьшуш йолу протеинаш а, витаминаш а. Цундела, юург-мерг цаьрга хьаьжжина хоржуш хила еза, муьлх-муьлха, бéн доцуш юуш хила ца еза.

ТIаккха юург-мерг юккъерчу барамехь лелорах ду цаьршиннан мах юккъерчу барамехь хилар а, оьцург юккъерчу барамехь эцар а. Цул сов, схьаялар хьарам хилийта а мегар дац юучун-молучун. Хьарамчу ахчанах, хьарам схьабалар долуш болу кхача буучун доIийна АллахIа жоп луш цахилар массарна хууш-девзаш ду.

Цул сов, бусалба хIусам а, цу чуьра бусалба доьзал а ларбала беза цигаьрканах а, хьарам йолчу ерриге юучух а, хьарам долчу маларх а.

Оцу кеппара, юург-мерг низамехь лелор бусалба хIусаман хIора дийнахь бала кхача дезачу хIуманех ду, маьIне долчу хIуманех ду. Баккхийчара а, кегийчара а цхьатерра лардан дезачу хIуманех ду.

***Адаман Султанан Олхазар***

# «В ПОКОЕ СЕРДЦА ТВОЕГО»

## «Любовь – души путеводитель»

(Продолжение. Начало на 1-й стр.)

Бог Прощающ и Милосерд. Он никого не наказывает, человек всегда наказывает себя сам. Закон Причины и Следствия действует безупречно и неотвратимо. Человеку, ослепленному эго, он неведом, но от этого он не перестает действовать. Человек всегда сам инициатор всего зла, приходящего к нему. Стоит погрузиться в собственное сердце, и причина внешнего зла отыщется всенепременно, – она в собственных мыслях, в намерениях, в суждениях, в желаниях, в отношении к людям.

«Прочти же книгу (дел) твоих!
Тебе достаточно
в самом себе
Составить счет (грехов для воздаянья)!»

***Коран. С.17;14***

Необходимо помнить, что по милости Всевышнего, и воздаяние-то свершается не на «полную катушку».

«Какая бы беда вас
ни постигла,
Это – за то, что предварили
вам деянья ваших рук.
Но многое Господь прощает».

***Коран. С.42;30***

Зато благие деяния человека возвращаются к нему, что называется, «с процентами».

«А тот, кто делает добро,
Тому Мы к этому еще
прибавим, -
Бог, истинно, Прощающ и
Благодарен».

***Коран. С.42;23***

Это ли не доказательство любви Его. Люди, в большинстве своем, неверно понимают Божью милость и наказание. Воздаяние человеку за то, что «предварили его руки», – это не меньшая милость Его, чем та, что приходит в ответ на добрые деяния. Это милость из милостей. Не будь этого, человек мог бы и не догадаться, что творит зло. Мало кто обращает внимание на свои мысли, полные недоброжелательства, а ведь они не менее весомы и значимы, чем непосредственные физические действия. А так, хотя бы, есть возможность призадуматься, с чего это вдруг качество жизни резко ухудшилось (подвело здоровье, начались неполадки в судьбе, в бизнесе, расстроились отношения с родственниками). Но человеку не выгодно такое положение вещей. Он желает выглядеть «хорошим» на фоне «плохих» окружающих. И становится в позу незаконно обделенного.

Взывающий к Всевышнему о милости при малейших неполадках в судьбе, тем самым, как бы говорит, что его незаслуженно обидели. Он желает донести до Него весть о несправедливости, причиненной ему.

«Аллах, поистине, о всякой вещи Знающ».

***Коран. С.2;29***

«Он все слышит и
Всеведущ».

***Коран. С.2;256***

«Он властвует над всем,
что суще».

***Коран. С.35;13***

